

BAB II

LANDESAN TEORI

A. Landesan Teori

1. Kabudayan

Miturut Elly M. Setiadi, dkk (2006: 27), budaya inggih punika saking tembung “budi” lan “daya” ingkang tegesipun cipta, karsa, ugi raos. Tembung budaya saking basa Sansekerta “budhayah” inggih punika saking tembung “buddhi” ingkang tegesipun budi utawi akal. Budaya punika *kompleks*, ingkang ngandhut babagan antawisipun kesenian, kapitadosan, kawruh, hukum, moral, adat istiadat, lan kaprigelan utawi tetenger mligi sanesipuningkang pikantuk saking piyambak dados anggota wonten setunggalan bebrayan.

Kabudayan wonten *perspektif* antropologi, Kabudayan inggih punika sedaya sistem gagasan, tindak tanduk lan kasil karya manungsa wonten pagesangan masyarakat (Koentjaraningrat, 2009: 121). Kabudayan punika kasil saking masyarakat piyambak lan dipunparingaken dhateng masyarakat malih. Kabudayan Jawi punika kabudayan ingkang diakoni lan dilampahi kaliyan tiyang Jawi ugi. Masyarakat Jawi punika anggadhahi kabudayan ingkang boten sami, amargi *kondisi sosial* masyarakat inkang benten-benten ugi.

Koentjaraningrat (2009: 150) ngandharaken menawi kabudayan punika anggadhahi tigang wujud, inggih punika :

- a. Wujud kabudayan minangka bab ingkang kompleks lan ide, gagasan, nilai, norma, tatanan, lan sapenunggalanipun. Ide lan gagasan kasebut magepokan lan damel sistem budaya ingkang asring dipunwastani adat utawa adat istiadat.
- b. Wujud kabudayan minangka bab kompleks padamelan, saha tindak tanduk manungsa wonten masyarakat. Wujud kabudayan dipunwastani kaliyan sistem sosial babagan pagesangan manungsa ingkang landhesanipun adat tata tumindakipun.
- c. Wujud kabudayan minangka piranti-piranti kasil karya manungsa ingkang asring dipunwastani kaliyan kabudayan *fisik*. Kabudayan *fisik* awujud sedaya kasil *fisik* lan padamelan, tindak tanduk, saha karya manungsa wonten masyarakat.

Warisan saking leluhur punika angsalipun saking sinau. Tradhisi ingkang dipunwarisaken awujud *material* lan *non material*. Awujud *material* punika kadosta, patung, candhi, keris, panggenan lan kewan ingkang dipunkeramataken. Menawi awujud *non material* punika kadosta, tarian, mantra-mantra, tradhisi, lan sanesipun.

Tradhisi ingkang dipunlestantunaken masyarakat punika boten uwal saking nilai-nilai ingkang sampun dipunbangun piyambak. Nilai-nilai tradhisi kasebut anggadhahi pengaruh dhateng masyarakat, amargi nilai-

nilai tradhisi punika bab ingkang kaanggep perlu sanget wonten pagesangan lan saged dipun dadosaken pedoman.

2. Nilai Moral

Nilai inggih punika bab ingkang anggadhahi aji miturut standar logika (leres-klintu), estetika (sae-awon), etika (adil-boten adil), agama (dosa lan haram-halal), uga dados keyakinan diri lan pagesangan (Darmadi, 2009: 27). Nilai punika bab ingkang anggadhahi mupangat dhateng pagesangan manungsa.

Nilai punika tingkatan ingkang paling inggil lan paling abstrak wonten salebeting tradhisi. Nilai-nilai salebeting tradhisi punika kaanggep masyarakat minangka bab ingkang anggadhahi nilai, regi, lan penting sanget wonten pagesangan. Satemah saged dados pedoman ingkang nyukani pangertosan dhateng pagesangan masyarakat.

Sasampunipun mangertosi pangertosan nilai, lajeng mangertosi pangertosan moral. Wonten pinten-pinten andharan miturut para ahli babagan pangertosan moral, kadosta:

- a. Moral anggadhahi *pertimbangan* antawis sae lan awon ingkang *relatif*. Paningal tiyang babagan moral lan nilai-nilai padatanipun *dipengaruhi* kaliyan paningal gesang, *wayoflife*, bangsanipun (Nurgiyantoro, 2000: 121).
- b. Miturut Salam (2000: 5), moral anggadhahi teges ingkang sami kaliyan kasusilan, ngandhut ajaran ingkang sae lan awonipun patrap. Dados, patrap

punika dipun nilai minangka patrap ingkang sae utawi patrap ingkang awon.

- c. Salam (2000: 10) ugi ngandharaken menawi moral gegandhengan kaliyan patrap manungsa saben dintenipun, anggadhahi gegandhengan pripun nanungsa kedah nglampahi pagesangan saben dintenipun.
- d. Salajengipun moral inggih punika ajaran babagan sae lan awonipun patrap manungsa ingkang ketingal amargi wontenipun *interaksi* manungsa (Darmadi, 2009: 50). Nilai lan moral punika mboten saged madeg piyambak, ananging nilai lan moral asring dipun dadosaken setunggal inggih punika nilai moral.

Saking andharan para ahli ing inggil punika saged dipun damel dudutan, nilai moral inggih punika nilai ingkang anggadhahi mupangat ingkang sae dhateng pagesanganipun manungsa.

3. Jinis Nilai Moral

Miturut Nurgiyantoro (2000: 125) jinis ajaran nilai moral punika wiyar sanget, satemah kedah dipun sukani batesan supados jinis-jinis nilai moral punika dados langkung cetha. Lajeng jinis nilai moral punika kabagi dados sekawan jinis inggih punika:

a. Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Gusti

Gegayutanipun manungsa kaliyan Gusti inggih punika patrap manungsa anggenipun pitados menawi Gusti punika wonten. Manungsa kedah pitados menawi sedaya ingkang wonten dunya punika ingkang

damel Gusti. Sedaya ingkang kalampahan wonten dunya punika sampaun kersanipun Gusti. Manungsa punika kedah nglampahi sedaya dhawuhipunlan nebihi sedaya larangan Gusti.

b. Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhiri Pribadi

Gegayutanipun manungsa kaliyan dhiri pribadi inggih punika manungsa kedah tepung kaliyan dhiri pribadi. Menawi manungsa punika sampaun tepung kaliyan dhiri pribadi, lajeng saged nggaguh gegayuhanipun. Tuladha menawi manungsa sampaun tepung kaliyan dhiri pribadi inggih punika ikhlas, jujur, sabar, mboten umuk, lan sapenunggalanipun.

c. Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Manungsa Sanes

Manungsa punika gesang wonten alam dunya mboten saged piyambakan, lajeng mbetahaken tiyang sanes. Sedaya tiyang punika kedah enget menawi derajat manungsa punika sami wonten paningalipun Gusti Ingkang Maha Agung. Awit saking punika manungsa kedah ngurmati tiyang sanes.

d. Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Alam Sakiwa Tengenipun

Manungsa punika kedah njagi lestantunipun alam amargi manungsa gesang sesandingan kaliyan alam. Manungsa kedahipun jagi lingkungan, ing antawisipun negor wit-witan saperlunipun. Menawi alam

punika lentantun, lajeng manungsa ingkang gesang wonten sakiwa tengennipun badhe ayem.

4. Upacara Tradhisi

Upacara inggih punika salah setunggaling padamelan ingkang sampun karancang dening adat Jawi utawi hukum ingkang kalampahan ing salebetung masyarakat, ingkang magepokan kaliyan maneka warna kedadosan wonten masyarakat (Koentjaraningrat, 2000: 140). Upacara tradhisi punika nedhahaken sedaya tatacara saking leluhur ingkang dipun warisaken kanthi turun tumurun, lajeng saged ewah miturut tata urutan jaman.

Ing ngriki wonten tiga andharan babagan tradhisi miturut para ahli inggih punika:

- a. Miturut Murgiyanto (2004: 10) tradhisi inggih punika cara marisaken pamikiran, pakulinten, kapercayan, kesenian, tarian saking generasi dhateng generasi lan saking leluhur dhateng putra wayahipun kanthi *lisan*. Tradhisi satemenipun inggih punika bagian saking kabudayan. Dipun tingali saking konsepipun, kabudayan inggih punika kasil karya manungsa ingkang dipun lampahi kanthi dipun ambali adhedhasar wekdal kaliyan masyarakat sanesipun. Asilipun karya ingkang dipun lampahi lan dipun ambali ugi sampun dados pakulinan dipun wastani tradhisi.
- b. Miturut Ratih (2019: 12) tradhisi inggih punika salah satunggaling ingkang gambaraken patrap manungsa ingkang sampun kalampahan wonten

wekdal ingkang dangu ugi dipunlampahi kanthi cara turun tumurun dipunwiwiti saking simbah moyang.

- c. Miturut Murgiyanto (2004: 15) tadhisi wonten salebetung masyarakat mboten uwal saking wontenipun upacara tradhisional utawi ingkang dipun wastani upacara adat. Upacara punika ngandhut makna simbolik, nilai-nilai unggah-ungguh, moral lan sosial ingkang dados paugeranmasyarakat anggenipun nglampahi pagesangan sesarengan.

Saking andharan ing inggil saged dipun damel dudutan menawi upacara tradhisi inggih punika padamelan ingkang sampun karancang dening adat Jawi, ingkang sampun kalampahan wonten wekdal ingkang dangu lan dipunlampahi kanthi turun tumurun saking leluhur. upacara tradhisi punika badhe kalampahan lan dipun lestantunaken menawi masyarakat punika ningali mupangatipun, lajeng badhe dipun tilar utawi dipun ewahi menawi upacara tradhisi punika mboten wonten mupangatipun dening masyarakat.

5. Ceprotan

Ceprotan inggih punika upacara tradhisi turun tumurun ingkang wonten desa Sekar Kecamatan Donorojo Kabupaten Pacitan. Upacara Ceprotan kalampahan setunggal taun sepindhah inggih punika rikala wulan Longkang (Dzulqaidah), dinten senin kliwon.

Upacara tradhisi Ceprotan punika dipunlampahi kangge mengeti Dewi Sekartaji lan Panji Asmorobangun, para leluhuringkang

dipunpitadosi anggadhahi peran penting wonten desa Sekar. Upacara punika dipunpitadosi saged nebihi saking bencanalan damel lancar anggenipun nenandur, supados desa Sekar punika ayem tentrem. Puncakacara Ceprotan inggih punika dipunlampahi kanthi cara uncal-uncalan cengkir ingkang sampun dipun onceki lan dipunrendhem pinten-pinten dinten. Tiyang ingkang kenging cengkir ngantos pecah dipunpitadosi badhe angsal rejeki saking Gusti. Lelampahan upacara tradhisi Ceprotan punika ngginakaken pinten-pinten tatacara ingkang anggadhahi unsur piwulangan panggesangan ugi anggadhahi nilai moralipun. Tatacara ugi nilai moral punika salajengipun badhe dipunrembag dening panaliti ingkang wonten upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar Kecamatan Donorojo Kabupaten Pacitan.

B. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten babagan ritual utawi upacara tradhisi wonten masyarakat punika sampun kathah kalampahan. Satemah panaliti badhe ngginakaken panaliten sanes ingkang jumbuh kangge *referensi*. Panaliten ingkang jumbuh dipunbetahaken supados panaliten punika langkung cetha. Panaliten Nilai Moral wonten Salebeting Upacara Tradhisi Ceprotan ing Desa Sekar Kecamatan Donorojo Kabupaten Pacitan punika ngginakaken kasil panaliten Kosim (2016) saking program studi Pendidikan Pancasila dan Kewarganegaraan Universitas Negeri Semarang lan Prastuti Muji Prihantari (2019) saking program studi Politik dan Kewarganegaraan

Universitas Negeri Semarang. Jumbuhipun saking panaliten punika kadosta:

1. Panaliten Kosim (2016) saking program studi Pendidikan Pancasila dan Kewarganegaraan Universitas Negeri Semarang ingkang irah- irahanipun inggih punika Nilai Moral Dalam Tradisi Saparan Masyarakat Desa Nogosaren Kecamatan Getasan Kabupaten Semarang. Dudutan saking panaliten Kosim inggih punika nilai moral ingkang wonten tradisi Saparan dipun dadosaken minangka *identitas* masyarakat desa Nogosaren wonten pagesangan saben dintenipun. Nilai moral desa Nogosaren ingkang dipun lestantunaken inggih punika nilai religius, welas asih kaliyan masyarakat sakiwa tengenipun, tumemen anggenipun nyambut damel, welas asih dhateng kaluwarga, gotong royong, silaturahmi, guyup rukun kaliyan masyarakat sakiwa tengenipun. Nilai moral kasebut saged dipuntingali saking kalampahanipun tradhisi Saparan.

Panaliten saking Kosim punika jumbuh amargi panaliten punika sami-sami naliti babagan nilai moral salebeting tradhisi. Bentenipun namung babagan tradhisi ingkang dipunteliti. Tradhisi ingkang dipunteliti kaliyan Kasim inggih punika babagan tradhisi Saparan desa Nogosaren kecamatan Getasan kabupaten Semarang. Satemah panaliten saking Kasim punika saged kangge *referensi* panaliti.


2. Panaliten Prastuti Muji Prihantari (2019) saking program studi Politik dan Kewarganegaraan Universitas Negeri Semarang ingkang irah-irahanipun Nilai Moral Dalam Tradisi Buka Luwur Makam Sunan Kudus di

Kabupaten Kudus. Dudutan saking paneliten Prastuti inggih punika nilai moral ingkang saged dipunhayati punika nilai kerohanian, mliginium nilai religius lan nilai kesaenan. Nilai-nilai punika ingkang dadosaken tradhisi Buka Luwur Makam Sunan Kudus wonten Kabupaten Kudus tesih dipunlestantunaken. Paneliten punika kange damel masyarakat supados saged nglampahi pagesangan kados padatanipun, ingkang gegayutanipun kaliyan Gusti, dhiri pribadi, kaluwarga, masyarakat, lan uga alam sakiwa tengenipun.

Paneliten saking Prastuti Muji Prihantari punika jumbuh amargi paneliten punika sami-sami naliti babagan nilai moral salebetung tradhisi. Bentenipun namung babagan tradhisi ingkang dipunteliti. Tradhisi ingkang dipunteliti kaliyan Prastuti inggih punika tradhisi Buka Luwur Makam Sunan Kudus di Kabupaten Kudus. Satemah paneliten saking Prastuti punika saged kange *referensi* paneliti. Supados anggenipun neliti babagan nilai moral salebetung upacara tradhisi Ceprotan ing desa Sekar kecamatan Donorojo kabupaten Pacitan punika kalaksanan kanthi lancar.

C. Raganganing Pamikir

Saderengipun paneliti nganalisis nilai moral wonten upacara adat Ceprotan ing desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan, paneliti kedah damel raganganing pamikir. Paneliti damel raganganing pamikir punika kange madosi konsep paneliten. Bagan raganganing pamikir paneliten punika kados ing ngandhap:



Bagan: Raganganing Pamikir